

Pou Piblikasyon Imedya: 18/10/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON KI EGZIJE FAMASI YO POU ENFÒME
PASYAN KI GEN RAPÈL MEDIKAMAN KLAS I YO NAN YON DELÈ SÈT JOU**

***Medikaman ke yo bay rapèl Klas I an gen anpil chans pou yo lakòz konsekans
grav sou sante oswa lanmò***

***Cuomo: "Moun merite konnen lè yon medikaman ki ta sipoze fè yo santi yo pi
byen gendwa an reyalite fè yo pi malad, epi sa gen bon sans pou famasi yo
kominike enfòmasyon sa a bay pasyan yo an tan reyèl. Mezi sa a pral ede asire ke
pasyan yo genyen done yo sou yon medikaman yo raple byen vit dekwa pou yo
ka pale ak doktè yo sou altènatif ki plis an sekirite yo".***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a lejislasyon (S.5091B/A.4781B) ki egzije famasi yo enfòme pasyan rapèl medikaman Klas I ke Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) an fè yo nan yon delè sèt jou. Medikaman ke yo bay rapèl Klas I yo gen anpil chans pou yo lakòz konsekans trè grav sou sante oswa lanmò. Gravite risk pou sante yo ki asosye avèk itilizasyon dwòg yo raple sa yo patikilyèman wo pou pasyan ki granmoun yo ak sila yo ki ap pran medikaman alontèm yo. Aktyèlman pa gen okenn egzijans pou famasi yo kominike enfòmasyon sa a bay pasyan yo ki te resevwa medikaman yo raple yo.

"Moun merite konnen lè yon medikaman ki ta sipoze fè yo santi yo pi byen gendwa an reyalite fè yo pi malad, epi sa gen bon sans pou famasi yo kominike enfòmasyon sa a bay pasyan yo an tan reyèl", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mezi sa a pral ede asire ke pasyan yo genyen done yo sou yon medikaman yo raple byen vit dekwa pou yo ka pale ak doktè yo sou altènatif ki plis an sekirite yo."

Lwa sa a antre an vigè imedyatman. Lwa sa a egzije famasi yo pou kontakte pasyan yo nan telefòn oswa pa lapòs.

Senatè Leroy Comrie te di, "Chak ane, FDA a raple plizyè milye preskripsyon ak medikaman an vant lib ki potansyèlman danjere yo, byenke anpil konsomatè pa janm rann yo kont ke medikaman yo a gendwa ap mete sante yo an danje. Nouvo lwa sou pwoteksyon konsomatè a pral mete fado responsabilite pou kontwole epi enfòme pasyan rapèl preskripsyon medikaman siyifikatif yo sou famasi yo ki ap distribye yo a, dekwa pou notifikasyon atan ak efikas ak konsiltasyon pou pasyan yo kapab fèt nan nivo katye yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak Manm Asanble Daniel Rosenthal dèske yo rekonèt bezwen pou kalite redisyon kont sa a nan endistri famasetik la".

Manm Asanble a Daniel Rosenthal te deklare, "Famasi yo souvan se dènye pwen kontak ant yon pasyan ak preskripsyon li a. Lè nou adopte lejislasyon sa a nou redwi pwobabilite pou kèlkeswa Nouyòkè ki ekspoze ak medikaman danjere yo. Mwen

remèsye Senatè Comrie ak Gouvènè Cuomo pou patenarya yo a nan amelyore mezi sekirite swen sante yo pou anpil pasyan ak granmoun".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)